

# ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ci biir Gambiya

---

**N**dimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi booka na ci di jaapale ak dooleel baadoolo yi luwaa réew mi teg loho. Téralinu Ndimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi (LAA 2008) ñungi ko sos ñaari weer balaa atum 2008 jeeh. Njériñu téeré bii mooy ngir muna tas hibaaru yookute gu am maanaa gi LAA 2008 indi ci yooni luwaa bu Gambiya. Balaa atum 2008, ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ñungi ko yemalewoon ci ñi nga ham ne luwaa daf leen waroona rey mbaa mu téj leen seen diiru bakan, ci ni ko Téralin Biy Aar Baadoloo yi, (Rey nit ku jél Bakanu Jaambur) 1993 ak ñaar – fuka ak ñenenteelu waala gi 24 (3) ci Sartaay Dahalinu Réew Mi ñu sos atum 1997.

---

**L**ii dafa tah ay miskin yu bare ñaaka am ndimbalu heehal miskin ci aatekaayu nguur gi, booka ci di ñi nga ham ne seeni tuumal méetiwul lool. Ci mujéntéel bi, dañu gis ne, lii dópuwul ak Sartaay Réew Mi, ngir dafa tah be ñép tooluwuňu Beena ci kanamu Luwaa Réew Mi. Ci waalu hale yi, mile mbir dañu ko jaalarbi dalee ko baňu sosee Téralinu Hale yi ci atum 2005. Bile Téralin dafa dégéral heehal haleli miskin yi ci aatekaayu nguur gi te nguur gi tuumal leen, booka ci di hale yu nara ñaaka seeni cér ci luwaa.

Li mu muna digé moo di dégéral ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ngir ñi luwaa aate be dogal ne dañu leen wara rey mbaa ñu téj leen seen diiru bakan. Am na luwaa bu bees bu desoon, mu di ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi jémalé ko ci yile faana:

- Luy ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi
- Ñan ñoo yore te booka ci bile ligéy, ak
- Fan la ko miskin muna jéfóo, kañ ak ñan ñoo ci am cér ci kanamu luwaa bi

Balaaj Téralinu Heehal Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi, ci atum 2008 (LAA 2008), Ligéyukaayu njiiitu aatekat yi, nga ham ne saa yu neeka, seen lohoo ngi jaapa, feeka na ñu dénka ko moom njiiitu aatekat yi, ligéy gu méeti, mu di doon selbe ci waalu ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ci réew mi mép.

## **Ndimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi ci biir Gambiya Ganaaw bu 2008 Jeehee**

**B**ii mooy njélbéenu yoon bi ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi munée aaga ci miskin yi nga ham ne, Jéwin bi ñu dénka waalu saytu luwaa réew mi, dina muna seet pey mi géna néew ngir réew mi mép, ci ni ñu ko téralée ci Téralinu Ndimbalu Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi (LAA 2008). Moo ham ndah tuumal gi dafa yoomba ndah dafa méeti. LAA 2008 dafa yooka céri ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi boole ci di moom miskin mi ñu tuumal, mu muna wahtaan ak ki kooy heehal ci aatekaayu nguur gi, boole ci tamit di ay wahtaan ñunineen balaa ñooy dem ci luwaa. Booka na ci sah di ni ñuy muna def be fanha muusiba diganté ñunineen. Li géna am maanaa ci lii nak, moo di, ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi, dinañu ko muna jéfóo, dale ko ca "Li géna am maanaa ci lii nak, moo ndoorte tuumal bi- moo ham ndah ca pólis di, ndimbalu heehal miskin yi ci ba la, wala ca kasoo ba la, mbaa ca Bunta Nguur giy dohal ndimbalu heehal miskin yi aatekaayu nguur gi, dinañu ko ci aatekaayu nguur gi (NALA). Léegi, miskin yi muna jéfóo, dale ko ca ndoorte mun nañoo sakku ndimbal mii bu feekoo sahtuumal bi- moo ham ndah ca pólis ne wah jaa ngi tooloogum ci Aatekaayi Nguur ba la, wala ca kasoo ba la, mbaa ca yi ñu tasaare ci Diwaan yi ci réew mi.

NALÀ."

LAA 2008 dafaa daan dooleem ngir am haalis ndah muna dimbalé miskin yi kooy sakku.

Bile haalis nak, Buntu Nguur giy dohal ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi (NALA), ñoom ñoo kooy saytu te di ko jaaral fa mu war ndah ñoom la Sartaay Réew mi dénka ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ci Gambiya. Haalis bii nak, li koo dundal moo di, ay haalis yu NALA jot te bawoo ci ay pey yu ñu ko fey ganaw bu

mu heehalee miskin ci aatekaayu nguur gi ngir ay tooñ yu hew te LAA 2008 bi heeh ko. Mboolem miskin mu jéfandekóok mile ndimbal war naa fey haalis bu néew ci NALA mi ko heehal. Haalis ba NALA defoon ca wóowu wah, dinañu ko ca géenée, denca ko fa ñuy dencee haalisu ndimbalu heehal miskin yi. Heehkat yi ci aatekaayu nguur gi, te seen ligéy doon ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi, waruñoo laaj dara miskin mi ñu doon heehal. Bile heehkat, NALA moo kooy Fey, jélée ko ci haalisu ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi. Ci matuwaayi NALA 2008, koo ham ne dafa fen ngir am ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi, luwaa dina la tuumal.

## Tahawal Buntu Ndimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayi Nguur Gi Ci Turu Réewu Gambiya

**B**eeda ci njériñi LAA 2008 moo di, tahawal Buntu Nguur giy dohal ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi (NALA), mi nga ham ne, moom mooy dohal ligéy ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguuru Gambiya. Bunta bii nak, moom ki ñu toftal ci njiitu réew mi, moo ko ubi ba juróom – ñenenteelu weeru tubaab wi ci at bi deeyee. Lii nak, ñungi ko defoon ci turu Njiitu Réewu Gambiya. Booka ci ligéyú NALA di jél ak seetlu sakku ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi, toopatoo haalisu ndimbalu heehal miskin yi ci aatekayu nguur gi, teg ci di utal miskin yi ñi leen di heehal ci aatekaayu nguur gi, boole ca di seet ndah ñu ngiy def seen ligéy na mu waree ak Fey yile heehkat. Ba ñu ko sosee betey, NALA wone na ligéyam ci juróom – ñenent – fuki tuuma. Banhaas Biy Saytu Jém-kanami Réew yi Booka "... LAA 2008 dafa yooka céri ndimbaluci Mbootaayu Aaduna Si (UNDP), heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ... def na li mu mun yép ngir sos bile ligéyukaay ak dimbalé ko mu muna def ligéyam ci Banjul. NALA mungee jéem ngir muna ubi ay banhaas ci mboolem diwaan ci réew mi. Bu ko defee, mu géna ñooy dem ci luwaa."

yoombal sakku ndimbal mi. Waay nak, ñaaka haalis doon na galankooru NALA. Ca déga - déga haalis bu doy lu war la, ndah NALA muna am ligéykat yu doy te mun seen ligéy boolekook muna feeki nit ñi ngir mun leena faramfaacil seen ligéy. Yaakaar nañu ne NALA dina tahawal ay matuwaay ci ni ñu waree dohal ligéyú ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi.

## Ay Tegtal (recommendations)

**I**igéyukaay Biy Aar Céri Doomi Aadama ci kanamu luwaa te di Saytu Yookute ci Afrika (IHRDA), ñungiy santa Jérwin ji ñu dénka dohalinu luwaa bi, moom mook NALA, ñu téral pey mu néew ci réew mi, boolekook binda ay matuwaay yuy wone naka lañu wara dohalee ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi, te mu dépóok LAA 2008. IHRDA santaane na tamit ñu jaalarbi Téralinu ñeti fuka ak ñeteelu waala (33) bi ci Aatekaay yi ci Diwaan yi ngir LAA 2008 ak ñaar fuka ak ñeneteelu waala yi (19 ak 24) (3) (d) yi neeka yi. Sartaay Réew Mi ñu tahawal leen atum 1997, ndah bookaatuñu ci luwaa yi. Ñungiy ñaahaale Réewu Gambiya ndah ñu booka aanda ak ICCPR. NALA war naa dégénéral doole ligéyam ngir muna jaangal te yee nit ñi ci wartéefam. Lii nak, li koo yoombal mooy, binda ay ligéykat yu hareñ ci feeñal ay ligéy yu

leen di wonale ak nit ñi, booka ca di jóg feeki askan wi ngir muna jaakaarlo ak ñoom, ak di jéfandikóo rajo yi, tele bi ak kényit yi tas hibaar yek yéglé yi. Ganaaw yii yép, NALA war naa jéem tahawal ay matuwaay yu wér, ndah ñu muna yaatal ak taana seeni utukaayi haalis ngir dohal seen ligéy na mu waree.

## NALA ak ligéyam

NALA ñungi ko tahawal ci yoon ñeti-fukéelu bés, ci juróom-ñenenteelu weer bi ci atum ñaari injuné ak fuka ak beena. Ci diiru fuki weer ak ñaar, yenu NALA ci aatekaayi nguuru Gambiya mut na juróom – ñenent fuka. Ci jamono ji ñu toolu, NALA mu ngiy yooka ay ndimbalu yu bawoo ci Aatekaayu Nguur Gi te dépóok Sartaay Dohalinu Nguur Gi ak Téralinu Ndimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayi Nguur gi, 2008. Yenu NALA gii nak, booka na ca di tuumal yi ñuy heeh yép ci Aatekaayi Hale yi ci Nguuru Gambiya.

## Ndami NALA

Ci njélbéenu atam, NALA

- Sumba na ay ligéyi yeete ngir ñi am cér ci ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ci Gambiya, boole ci ñiy aar réew mi, ñiy heehal nit ñi ñu tuumal ak taskati hibaar yi;
- defar na téeré buy yégal askan wi seeni ligéy gu ñu jémalé ci tasukaayi hibaar yi ñuy binda;
- Sampa na ay wahtaan ci rajo yi ak tele bi ci waalu jaangal askan wi;
- dohal na ay tegtal yu bawoo ci seen ngis-ngis ci ay ligéy yu ñu jémalé ci ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayi nguur gi ci Gambiya ci jamono ji ñu toolu;
- mungiy jéema tahawal ay ligéyukaay ci mboolem diwaan gu neeka ci réew mi.

## Njambat yi NALA di jankonteel

- Ñaaka ay mbir yu mu sohla ngir muna def seeni ligéy ni mu waree; • Amukaayi haalis yu néew; • Banjul rek lañu am maakaan.

## Li NALA nara def ci saa si

- Yooka ay juntuwaay ci seen maakaan mi ci réew mi;
- Tahawal te dohal seen ligéyukaay gi ci Basse ak diwaan gi ko wór;
- Yooka hamhamu nit ñi ci ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayi nguur gi, jaaralee ko ci tasukaayi hibaar yi, niki yi ñuy binda, yi ñuy déglu ak yi ñuy seetaan, boole ca di yee ñi déka ci kaw gi-lép ci mbiru ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi;
- Yooka ligéykatam yi, booka ca di ñaar ñu jaanga mbiru aate, beena sootikatu laaka ndah muna yoombal ñiy saaku ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayu nguur gi ak ay ligéykat ci seen maakaan yi ci diwaan yi;
- Yooka hamhami ligéykatam yi ci waalu toopatoo ay lén yuy seedeel jamono ak ci mbiru ligéy ak ay juntuwaayi séedóo hibaar;
- Boolook, jaapaali mboolem jéf ju dépóok ndimbalu heehal miskin yi ci aatekaayi nguur gi, ci jamono ji ñu toolu

Ligéyukaayu NALA

Kér Ndimbalu Heehal Miskin yi ci Aatekaayu Nguur gi

80, OAU Boulevard, Banjul, Gambiya

Telefón: (+220) 4201535/7 E-mail: legalaidagency@gmail.com